



*Obsevatwa Pou Egalite*

# 22 Bis , Ri Frè uni Uni Chapantye Okay/Ayiti

Obsevatwapouegaliteope@gmail.com

Tel : +509 3664480

## Lanfè sou tè



Prizon civil Okay nan movè eta ak dwa prizonye yo kontinye pa respekte pandan 10 dènye lane yo. Reskonsabilite Otorite ak sossyete civil la pou chanje sa, ki pa rezoud pwoblèm yo. Epi se pou kisa se konsa sa ye?

## **A) PREZANTASYON OBSÈVATWA POU EGALITE (O P E)**



### **bsèvatwa Pou Egalite (OPE)**

Tel. +50936644809

Email : [obsevatwapouegaliteope@gmail.com](mailto:obsevatwapouegaliteope@gmail.com) Facebook : Obsèvatwa Pou Egalite

Lokal : # 20, Ri, Toussaint Louverture, Gwo Gabyon, Okay/Ayiti

Chita nan Ri Toussaint Louverture kole komisarya gwo Gabyon, vil Okay Ayiti. Nou kreye nan oktòb 2017. Se you òganizasyon kap fè pwomosyon pou dwa moun. Ak se yon òganizasyon nanbi non likratif.

Nou poze pwblematik sou respè dwa fanm, timoun, peyizan, jèn, prizonye. LGBT ak pwoteksyon anviwonman, sosyete a nan jeneral nou dwe travay pou li.

N ap chache yon ekilib sosyal nan sosyete a nan kad travay nou a.

**Prizon civil Okay nan movè eta ak dwa prizonye yo kontinye pa respekte pandan 10 dènye lane yo. Reskonsabilite Otorite ak sosyete civil la pou chanje sa, ki pa rezoud pwoblèm yo. Epi se pou kisa se konsa sa ye?**

**OBSÈVATWA POU EGALITE  
(O P E)**

**23 AVRIL 2021**

## **TAB MATYÈ**

<b>A) PRESANTASYON OBSÈVATWA POU EGALITE (O P E) .....</b>	<b>2</b>
<b>B) ENSTRIMAN LEGAL ITILIZE .....</b>	<b>5</b>
<b>C) ENSTANS NOU RANKONTRE.....</b>	<b>5</b>
<b>1) ENTWODIKSYON.....</b>	<b>6</b>
<b>1-1) Prezantasyon Prizon Sivil .....</b>	<b>6</b>
<b>1-2) Anviwonman Prizon.....</b>	<b>6</b>
<b>1-3)Prezantasyon Prizon Sivil .....</b>	<b>7</b>
<b>2) DEVLOPMAN.....</b>	<b>8</b>
<b>A) Mak fabrik prizonye .....</b>	<b>8</b>
<b>B) Sitiyasyon prizonye ak eta prizon.....</b>	<b>8</b>
<b>C) KOZ.....</b>	<b>11</b>
<b>D) KONSEKANS .....</b>	<b>14</b>
<b>E) REZILTA REYÈLMAN.....</b>	<b>15</b>
<b>F) RANDMAN ZEWO .....</b>	<b>15</b>
<b>G) ISTORISITE .....</b>	<b>15</b>
<b>3) KONKLIZYON.....</b>	<b>16</b>
<b>a) Rekomandasyon .....</b>	<b>16</b>
<b>b) Angajman, Anje Ak Modèl Dirijan Swete .....</b>	<b>17</b>

## **B) ENSTRIMAN LEGAL ITILIZE**

- Konstitisyon 1987 Ayisyen nan paragraf 10, nimewo 41, 41-1
- Rezolisyon 45/111 Wo Komisarya Nasyon Zini dwa zimen (HCDH) adopte 14 desanm 1990
- Konvansyon relatif sou dwa timoun, enterè sipeyè timoun (atik 3), dwa pou lavi, pou bezwen viv ak pou devlòpman (atk 6) # 11 plis atik 37 a, 37 b
- Deklarasyon inivèsèl dwa moun, nan atik 2 ak 7, epi pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik nan atik 2, 1) ak 26. Nan kad respè pou oyantasyon seksyèl yon endividé dwe jwenn .

## **C) ENSTANS NOU RANKONTRE**

- a) Prizonye k ap resevwa swen nan lopital jeneral Okay ak ansyen prizonye ki déjà libere.
- b) Direksyon Administrasyon Penitansyè (DAP)
- c) Kèk polisye SDPJ
- d) 2 òganizasyon dwa moun nan komin nan
- e) Travayèz kondisyon feminin
- f) Kèk jij nan tribinal ak sibtiti nan pakè tribinal sivil la
- g) Plizyè avoka.
- h) Kèk jistisyab
- i) Kèk jounalist
- k) Kèk antreprenè

## **1) ENTWODIKSYON**

### **1-1) Prezansyon Prizon**

Prizon sivil Okay, nan menm lokal ak komisarya a, ki sitiye nan ri Toussaint Louverture gwo gabyon

### **1-2) Anviwonman Prizon**

Komin Okay, se kote lokal prizon sivil la ye nan komisarya a. Komin sa se 3 zyèm vil peyi Ayiti ak li se premye vil depatman sid. Li genyen plis pase 19 komin kounye a. Komin Okay genyen anviwon 300 mil moun epi depatman a genyen prèske yon milyon moun. Pousantaj jèn k ap viv nan depatman a ni komin nan depase pousantaj granmoun yo.

Depatman sid la ap viv yon kriz ekonomik depi plis pase 30 tan. Pi fò moun yo nan chomaj. Nou pa genyen yon mache travay ak wo entansite mendèv. Nan mwayèn, nou pa genyen yon sèl antrepriz ki anplwaye 500 moun pou kont pa li. Pa genyen antrepriz ki ta kapab anplwaye moun nan wotè 1000 moun pou pi piti nan moman sa. Sa ki te egziste pi zoumwen nan sans sa, depi apre lane 82 vin Jodi a ap fèmen pòt yo.

Youn nan gwo konsekans yo, se chwa politik newo liberal dirijan yo fè nan epòk sa yo. Ak kriz politik toutan peyi a ap viv, plis pwoblèm siklòn ki pwèske chak lane a, tranbleman tè 12 janvye 2010, koripsyon k ap ranfòse chak jou pi plis. Lè nou konsidere Fakolèf, Akamil, Bèri nan sid, santral desalin, anpil nan izin fetivè ak sitro, pòm pou nou site sa senpleman pote ekonomi sid la yon gwo kou. Ak san pale sektè atizana, pwofesyonèl, kiltivate ki depatya nèt ki se yon lòt koudi pou ekonomi a. Anplis siklòn Matthew devaste sid la nan 4 obtòb 2016 la, referans sou facebook videwo ki gen tit apwè Matye kisa nou genyen pou nou di? Epi epidemi kolera ak pandemi covid-19 paralize ekonomi pandan yon bon titan.

Sa ki rete kòm aktivite pwèske, se lapèch, komès, restoran, bar, vann tè osinon anfème kay, jwèt aza tankou bòlèt. Ak tou, taksi moto, plis bank, antrepriz telekominikasyon, otèl, lekòl nan jeneral, legliz, peristikil, lopital jeneral, klinik medikal prive, lajistis, k ap vann sèvis. Ak 3, 4 grenn òganizasyon non gouvènmantal (ONG) ki bay kèk moun travay. San n pa blyie dilè k ap vann dwòk, medya k ap vann enfòmasyon, ak bandi k ap ransone moun.

Pwoblèm Sosyal: Sante, Edikasyon, Jistis, Enfòmasyon pa reponn nan tout nivo pou bezwen popilasyon a. Konsa nou jwenn timoun kou gwanmoun kòm mandyan. Ak anpil jèn ki lage kò yo nan pwostitisyon.

Ensekirite monte disèt wotè, se prèske chak semenn ou jwenn 2, 3 moun asasinen swa ak zam afe oubyen ak zam blanch osinon boule ak kawouchou. Depi li 10 zè nan aswè prèske tout moun deja antre lakay yo, pa genyen yon vi nannwit ankò.

Espas la, toujou pa eksplwate reyèlman parapò ak sa nou genyen kòm posibilité pou kreye richès tankou, lanmè rivyè, tè agrikòl, solèy, plaj, atizana, penti ak plizyè milyon moun ki la k ap tann osinon k ap chache travay.

Depatman sid la, politik retire pye pa w ban m mete pye pa m nan k ap fèt yo, li pa kreye lespwa pou sitiyasyon a vin pi bon. Devan refi sa, fin genyen plis moun, pi fò ladann yo se jèn k ap kite depatman a pou ale chache lavi miyò nan lòt peyi tankou: Dominikani, Kanada, bresil, Chili, Etazini. Ki donk, se paske, yo pa wè avni ak modèl rezistantan oubyen dirijan yo genyen nan tèt enstitusyon nan depatman an, lepi souvan se moun ki san yon vizyon pou tabli yon ekilib nan sosyete a. Ak se moun ki akize osinon kondane deja pou krim, trafik dwòg.



### **1-3) Prezantasyon Prizon Sivil La pi jeneral**

Prizon sivil Okay nan movè eta ak dwa prizonye yo kontinye pa respekte pandan 10 dènye lane yo la. Reskonsabilite Otorite ak sosyete sivil la pou chanje sa, ki pa rezoud pwoblèm yo. Epi pou kisa se konsa sa ye?

Nan jeneral prizonye yo pèdi dwa sivil, ekonomik ak politik yo. Konsa dwa sosyal yo dwe kontinye pwoteje pou kèlkelanswa rezon yo ta kondane oubyen sa yo ta repwoche yo. Answit prizon a sipoze sèvi tou kòm espas sant pou reyabilite prizonye yo. Sa k di yo la, se dapwè konstitisyon 1987 Ayisyen a, nan nimewo 41 ak 41-1. Ak sa k soti nan rezolisyon 45/111 Wo Komisarya Nasyon Zini Dwa Moun (HCDH) adopte 14 desam 1990, sou prensip fondamantal dwa prizonye yo. Ak respè pou oyantasyon seksyèl yon endividé dwe jwenn selon, Deklarasyon inivèsèl dwa moun, nan atik 2 ak 7, epi pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik nan atik 2, 1) ak 26. Li entèresan pou Obsèvatwa Pou Egalite montre lemond kouman reskonsab yo nan peyi Ayiti pi presizeman nan komin Okay la nan difikilte ak manke volonte pou respekte prensip sa yo. Ak kouman sosyete sivil la pa aji jan li ta sipoze fè sa pou pwoblèm yo rezoud.

Objektif la, se pou mete prizonye, pou piye pèn zak li fè, lalwa kondane. Se pou anpeche lòt moun pa vin fè zak lalwa kondane nan sosyete a. Se pou akonpaye tout prizonye pou yo pa fè zak lalwa pa asepte. Se pou pèmèt moun yo genyen yon metye lè yo ap kite prizon a. Se pou prizonye a aprè liberasyon l, li kapab mennen yon lavi kòrèk pandan l ap reprann plas li nan sosyete a.

## 2) DEVLÒPMAN

### A) Mak fabrik prizonye

IDANTITE: Ansanm prizonye yo, se fanm ak gason, timoun.

KATEGORI LAJ: Prèske tout kategori laj yo.

NASYONALITE: Se plis pase 99% Ayisyen ak anviwon 1% Jamayiken

KALITE : Se moun pòv ki nan prizon a, pa genyen moun rich.

ESTATI : Kondane ak akize pou trafik ilisit, vyòl, vòl, touye moun, asasinay ak politik.

### B) Sityasyon prizonye ak eta prizon

Pou lane 2021 a la, genyen plis pase 900 prizonye ki antase tankou sadin nan bwat andan selil yo ki te fèt pou anviwon 60 prizonye. Ki donk 11 selil ki vin pase nan 18 selil ki te konsewva pou 5 prizonye pou chak selil yo, sa rive yo nenpòt 48 nan yon selil.

Pwosedi pou fèmen prizonye a, sa li prèske pa fèt selon nòm yo. Anpil fwa genyen prizonye ki fèmen san janm wè yon jij depi plizyè lane yo la.

Fason sesil yo repati, sa fèt selon sèks yo, timoun oubyen granmoun. Ki donk selil fanm separe selil gason. Ak tou selil fanm, selil gason separe selil timoun.

Timoun ki fèmen, yo nan tranch daj 13 rive 17 lane. Yo repwoche yo pou zak vyòl, vòl pisouvan, ak, pou rezon politik. Timoun yo viktim prèske tout move tretman yo menm jan ak gwanmoun nan prizon a. Sa k pi di, yo pa jwenn bon swen ak apwi sikososyal kòrèk. Sa ki kontrè ak sa ki ta sipoze fèt, selon, konvansyon relativ sou dwa timoun, enterè sipeyè timoun (atik 3), dwa pou lavi, pou bezwen viv ak pou devlòpman yo (atk 6) # 11 plis atik 37 a, 37 b, ak jan konstitisyon 1987 Ayisyen a anvizaje. Se nan sant dakèy yo sipoze ye pou transfòme lavi yo... Epi, nan Ayiti se yon sèl sant dakèy ki genyen se nan pòtopwens li ye. Ak yon lòt yo ta pretann, se nan Okap Ayisyen li ye, li pa enskri nan okenn lojik sant dakèy.

N ap siyale tou genyen youn nan timoun yo ki nan prizon a se pou koz politik. Senpleman pou tèt li te nan mache kole sere ak Dieuné Sézard alyas Koulikou, lajistik nan Okay mete li nan prizon pou patisipasyon l nan soulèvman kont pouvwa Jovenel Moïse la nan lane 2019. Kounye a, Ayiti gen prizonye politik, malgre lalwa peyi a anpeche sa.

Otorite yo pa fè plas pou omoseksyèl nan prizon sivil Okay la, Depi Direksyon Administrasyon Penitansyè (DAP) dekouvi oubyen sispèk youn kòm omoseksyèl, yo voye l nan penitansye nasyonal Pòtopwens. Sa genyen anviwon 3 lane depi DAP la te voye yon prizonye yo wèl kòm masisi, nan penitansye pòtopwens. Yo fè sa sou baz l ap kontamine lòt yo. Selon deklarasyon inivèsèl dwa moun nan atik 2 ak plis pak entènasional sou dwa sivil ak politik nan atik 2, 1) ak 26 se yon desizyon ki kont valè dwa moun.

Prensip Ekite, Egalite, non diskriminasyon pa egziste nan prizon a. Lè se yon moun ki gen gwo non osinon afè li miyò, li genyen yon seri privilèj sou sa ki pi ba yo. Li kapab genyen yon selil ki gen 5 moun pou pi plis. Li jwenn swen sante yon ti jan miyò nan tan nesesè. Li jwenn lwazi pi zounwen, li ka fè yon bon titan nan deyò prizon a chak jou pou li distrè l. Li genyen jiris yo ki fè swivi dosye li yo pi rapid.

Nan fason sa omoseksyèl yo pi viktim nan kad aplikasyon prensip sa yo k ap fèt sou baz moun pa. Genyen pwòp prizonye parèy yo ki imilye yo menm jan ak ajan DAP yo, jij, avoka gade yo tankou vye moun.

Nouriti pa kalite ni regilye, Se chak 24 trè pisouvan pou yo jwenn yon pla. Etou manje yo pa ase nitritif. Genyen kèk prizonye se gran mesi paran oubyen yon bon pwochen ki fè lafen pa touye yo deja.

Prizonye yo dòmi nan movèz sitiyasyon, yo oblige fè sa pa woulman. Sa ta vle di, pa genyen pèson nan yo ki fè 8 èd tan dòmi nòmal la pou nwit nan. Sa ki pa ka tann se yon dra yo mare nan pòt prizon an tankou yon ramak pou kabann, osinon yo dòmi kanpe. Answit pwoblèm ayerasyon chanm, se lòt koz ki anpeche yo dòmi byen. Ak tou anpoul limyè ki limen nan je yo 24/24 se lòt rezon pwoblèm dòmi a. Anplis, yo gen kèk fwa yon bokit ki gen ladann kaka osinon pise nan chanm nan k ap deranje yo pandan tout nwit nan.

Kondisyon Sanitè ak Ijèn sa bay kè plen. Se 4 bouda prizonye k ap kontre ansanm nan yon bouch tiyo pevese lè yo pou twalèt. Lòt konplikasyon twalèt bay yo, fòs ki gen matyè a ladann nan pa kòrèk gen kèk lè dechè a soti deyò. Kesyon pou yo benyen, se chak 2 jou sa fèt, kèk fwa lè genyen evenman nan komin nan ak pwoblèm dlo nan espas pa yo a, yo konn pwan 8, 15 jou pou fè sa.

Lòt zafè se tibèt osinon ensèk tankou pinèt ki anvayi chanm yo, ki plede ap devore yo. Ak Lè lapli tonbe tout vye dlo twalèt anvayi zòn pa yo a. Yo pase yon bann tan tranpe nan dlo a la tankou kana, jistan se 2, 3 prizonye nan mitan yo ajan akonpaye pou travèse nan yon distans prèske yon kilomèt anviwon, bò legliz mòmon ki al debloke dlo a, pou eseye rezoud pwoblèm nan pou yon tikras tan.

Sa ki pi grav la se movèz odè ki anvayi espas prizon a, k ap deranje tout moun. Ke li te prizonye, ajan DAP, polisyè komisarya a. Se tout ki anbal nan sans sa.

Prizonye pa nan bon kondisyon sante ak swen. Se souvan yon bon kantite prizonye ki tonbe ak maladi tibèkiloz oubyen pwatrin, maladi enfeksyon (gratèl

bouton, dyare, lafyèv, grip). Se yo ki pi sibi nan lè peyi a frape ak epidemi, tankou kolera, Covid-19. Ak se anba redi pou jwenn tikras laswenyaj. Se tigrenn dolostòp sinis yo bay yo nan enfimri prizon an pou diferan maladi yo genyen. Ak se lè DAP la wè yo prèske ap trepase aprè anpil tan ki pase ap soufri ak maladi a pou yo mennen yo lopital jeneral. Epi menm lè se nan lopital jeneral y ap pran swen a, sitiyasyon an pa reyèlman chanje pou sa. Paske yo pa gen lajan pou kouvri frè analiz, achte medikaman, kouvri depans pou manje. Otorite yo pa ede yo peye lajan bezwen sa yo.

Prizonye Okay se lopital jeneral yo al mouri. Estrateji DAP la itilize pou se konsa sa pase, se chak fwa li wè prizonye yo nan movèz eta, prêt pou mouri, li kouri voye yo vit lopital jeneral la. Pou lane 2020 a genyen anviwon 27 prizonye ki mouri koz move tretman ak swen sante.

Otorite yo pran gwo mezi pou anpeche defansè dwa zimen, jounalis. konsekan pale ak prizonye yo nan prizon a ak vizite eta prizon a. Komisè gouvènman yo toujou bay DAP la lòd fòmèl pou sa. Lè defansè yo al rankontre ak reskonsab sou bezwen vizite prizon a, yo plede vire tounen defansè yo. Tanto komisè a di se DAP la pou yo wè, DAP li menm di se komisè pou yo wè osinon li di se Sèvis Depatmantal Polis Jidisyè (SDPJ) pou yo kontakte, SDPJ retounen yo kote DAP la, DAP la kounye a di se nan direksyon pòtopwens nan pou yo monte. Jan ou wè l se tout yon peripesi, kote finalman yo di, yo menm, entèrese yo pa p kapab vizite prizon a.

Lwazi, sa ap fèt orabè. Se 1, 2 zèd tan yo bay pou defoule yo kèk jou. Ak mateyèl osinon ekipman pou jwe antre yo, prèske pa egziste nan prizon an.

Prizonye yo nan sitiyasyon difisil pou satisfè bezwen seksyalite yo. Otorite yo pa òganize espas la pou sa. Lè bezwen sèks monte nan tèt yo, pou fason prizon an ye, yo pa gen posibilité antre nan kontak seksyèl ak patnè yo a k ap viv nan deyò prizon a. Lè konsa pou satisfè tèt yo, yo fè sa ak moun ki bò kote yo a. Sa rive, gason yo antre nan kontak ak gason. Fanm yo antre nan kontak ak fanm. Sa dewoule, anba zye yo tout. Nan fason sa, kesyon entimite a, oyantasyon seksyèl la pa poze. Se sa w jwenn nan ou pwan kote w ye a. Koze lajan konn la tou kòm kondisyon pou yo viv sèks yo. Gen kèk gason ki peye yon lòt gason parèy li pou sa. Sa konn rive tou mesye yo ki pa deside antre nan lojik sa, yo konn bay medam yo ki separe kèk mèt de blòk selil pa yo yon tikòb pou pwan odè kilòt, jòv pwèl yo pandan yon titan.

Nou pa jwenn enfòmasyon pou montre èske timoun yo menm yo nan lavi sèks andan prizon an. Nou konnen byen lalwa kondane zafè sèks pou timoun. Li klè andan tèks delwa Ayisyen an sitwayèn ak sitwayen yo kapab pwan reskonsabilite sèks yo apati 18 tan. Nou espere nan okenn ka otorite yo pa kapab tolere sa osinon òganize espas la nan sans sa, pou timoun yo.

Lòt nivo nan seksyalite a, kèk nan mesye yo fè operasyon nan grenn pou mete grenn biy osinon moso plastik epè ladann. Yo fè li nan lespri pou bay ak pou yo jwenn plis sansasyon nan zafè sèks la.

Sant reyabilitasyon pou aprann prizonye metye sa pa eggiste nan espas prizon a. Sa te posib you lè ak Munistah answit ak kèk òganizasyon non gouvènmantal (ONG). Se toujou pou yon tibout tan sa regle. Li pa pèmèt prizonye yo soti ak yon metye aprè yo fin kite prizon a. Ki donk leta li menm pako janm envesti lajan I pou sa.

Direksyon Administrasyon Penitansyè ap fonksyone ak zong yo. Yo pa gen mwayen lokomosyon nesesè, se yon sèl machin k ap mal fonksyone deja ki la pou sa. Nou wè li make prizon sivil Fòlibète, sa sanble se yon machin DAP Okay la prete, li pa janm voye li tounen. Answit, pou mateyèl biwo se prèske anyen pou DAP la travay. Ak tou, se you tikras mwayen yo genyen ki pa ka reponn jan sa ta sipoze ye pou netwayaj ak manje prizonye yo.

Genyen vyolans k ap fèt anpil fwa nan prizon a. Yon bò, kèk prizonye eseye vyole pèsonèl sèvis enfimri ak kwizin nan. Ak atake kèk reskonsab prizon a oubyen ajan k ap siveye prizon a pou kapab kite prizon a yo menm. Epi gen de lè yo pete gwoumen antre yo pou zafè pa yo. Yon lòt bò gen ajan DAP yo konn woule prizonye nan glasi siman cho ak nan flanm solèy, aprè voye dlo frèt sou yo. Ak bat yo nan kakòn jenou, nan cheviy pye, sa konn koz pye ak jenou yo anfle disèt wotè. Se seri prizonye, yo akize ki fè dezòd nan espas la DAP la sanksyone yo konsa.

Sou baz vyolans prizonye yo ap fè sou kèk fonksyonè prizon a, DAP la retire sèvis kwizin ak enfimri a andan prizon a. Se pou pwoteje moun sa yo pa mezi prekosyon kont menas prizonye yo ap anvizaje sou yo. Sa gen kèk mwa depi reskonsab yo fè sa.

### **C) KOZ**

Kantite krim, vòl, vyòl, trafik ilisit ak delenkans k ap miltiplier chak jou pi plis nan depatman sid la, ogmante seyezman chif kantite moun ki akize ak kondane, otorite ap voye nan depo chak lane pandan 10 dènye lane sa yo a.

Plis Lantè ki vin genyen nan pwosedi jistis la (tribinal yo ki pa fè swivi yo atan, lapolis ki pwan anpil tan pou voye rapò ) fè prizonye pwan plis tan pou jije. Sa ki vin yon blokaj pou liberasyon espas prizon a nan tan posib, avèk kantite akize ak prizonye ki fin piye pèn yo, ki ta dwe libere ak ki kontinye okipe espas prizon a.

Lokal prizon a ki pat fèt pou prizon, ki se yon espas ki te la pou gadavi, ki pa modènize vre. Anplis li pa reponn avèk nòm entènasyonal prizon yo. Lokal sa ki la menm jan a depi 25 lane. Ak tou espas sa ki vin sèvi pou resevwa prizonye Aken depi 2004 ak Okoto depi 2010. Answit nan kad apèl ki fèt nan jiridiksyon sid la, nan nivo tribunal premye enstans, se li ki la pou l resevwa prizonye yo nan sans sa tou.

Pwoblèm ekleraj prizon a pa genyen pou tout jounen yo.

Lajistik pi presizeman jiridiksyon sid la, ki nan kriz anpil fwa nan dènye tan sa yo, kote pèsonèl la nan divès nivo tonbe nan grèv pou jwenn yon pi bon kondisyon travay. Sa vle di jijman pa fèt nan lè sa yo.

Pwoblèm entanperi k ap miltiplier chak lane a, Ayiti, youn nan peyi sitou depatman sid ki sitiye sou trajekta siklòn yo. Pou chak lane nou dwe espere nenpòt 19 siklòn kapab pase sou zile a. Lè move tan konsa, sa konn gen gwo enpak sou peyi a. Sa konn pran yon bon titan pou aktivite yo reprann. Sa fè jijman retade nan lè ki te prevwa pou yo fèt.

Enstabilite Politik, nan dènye lane yo la, se anpil twoub politik nan peyi a, se anpil fwa depatman yo lòk. Kote anyen prèske pa fonksyone. Lajistis la se youn nan enstitisyon lepi souvan ki nan lo sa yo. Kote pwotestatè yo konn ensandye ak piye dosye tribunal yo. Jiridiksyon Okay la se youn nan prensipal viktim pwotestasyon kèk gwooup ame. Egzanp, patizan repons peyizan Ayisyen ki te kont rezulta elekson 2010, 2011 yo ki te boule ak bwote dosye pakè tribunal sivil la. Ki donk okenn Jijman pa t ka fèt nan lè sa nan tribunal yo pou kèk mwa .

Enstabilite Sosyal, peyi a frape ak degrav pandemi, epidemi nan tan sa yo la tankou, kowona ak kolera nan tan avan ki paralize bon fonksyonman enstitisyon yo pandan yon dal tan. Nan moman sa yo, Otorite yo enkapab pou fè tribunal yo mache nòmal, pou ta òganize jijman. Paske enfrastrikti ak Estrikti yo ki tèlman fèb pa p ede yo reponn ak egzijans sa mande pou yo ta kapab planifye odyans san panse ak sitiyason a kapab vin konplike pandan pandemi, epidemi yo. Ak tou enfimri ak lopital jeneral sèvis y ap bay la pa reponn ak bezwen prizonye yo. San ajoute kesyon sikològ, travayè sosyal, etènis reyèlman pou asiste pasyan prizonye yo ki se yon pwoblèm toujou. Prizonye yo anpil fwa ki gen twoub mantal. Answit sant yo pa ekipe avèk medikaman ak mateyèl enpòtan pou bay yo swen kòm sa dwa.

Ekonomi peyi a ki alagraba, sa fè genyen mwens inisyativ popilasyon an ap pwan pou ankadre prizon ak prizonye yo. Pou jounalis, enstitisyon dwa moun yo anpatikilye mennen bonjan envestigasyon osinon ankèt nan jiridiksyon sid la sou mòd tretman prizonye yo, sou fonksyonman DAP la, sou sa aparèy jistis la ap regle. Epi pou ta òganize kèk seyans atelye travay pou prizonye yo. Ak tou, pou ta kontribiye nan fè edikasyon pèp la nan jeneral sou respè dwa moun. Ak sansibilize dirijan yo, sou nesesite pou ta anvizaje kreye plis richès, plis travay, redwi nan eka ant moun rich ak pòv yo. Epi anvizaje asire yon klima lapè nan depatman sid la.

Koripsyon nan piwo somè li, nan dènye lane yo la nan aparèy jistis sid la. Jijman ap vann nan pri lò sou tèren a, sa k fè se pòv sèlman ki fèmen nan prizon a. Fonksyonman aparèy jistis la chita sou gwo kout lajan. Moun ki gen lajan pa fèmen nan prizon, yo achte jijman yo lajan kontan. Lè konsa, se moun ki pa gen lajan, yo temèt gen rezon, se yo, Otorite voye nan prizon. You seri jij, komisè, avoka mare sosis yo ansanm pou bay fo jijman nan sans sa. Se lajan nan move kondisyon sou peyizan ki gen timwayen, dile dwòg ak tout lòt ki gen gwo mwayen ki fè richès jiris sa yo. Anpil nan yo se ak lajan sa yo, yo konstwi gwo palè yo, monte gwo otèl yo, voye pitit yo al etidye Ozetazini, Lafrans, Kanada, Espay, Dominikani. Ak ankò yo planifye vakans fanmiy nan, akouchman madanm yo aletranje. Kèk fwa pou anpeche koripsyon a k ap kangrannen lajistis okay la depi yon bann lane pwan lari nèt, Konsèy Sipeyè Pouvwa Jidisye (CSPJ) fè kèk

simagri mete 2, 3 jij sou kote, san janm fè odit seye sou sa yo vin posede pandan tan yo nan aparèy la, tout sa se nan lojik kase fèy kouvri sa. Mezi sa yo pa estope koripsyon a, se atò koripsyon a ap pwan lari. Nou wè koriptè yo ak kowonpi yo vin pi vizib ak awogan nan je popilasyon a pou laplibèl.

Dirijan yo pa vle moun konnen sa kap pase nan prizon a. Nan ki movèz eta prizon a ye. Ki jan prizonye yo ap soufri. Kouman yo pa respekte dwa prizonye yo. Se sa y ap kache, se koze sa yo a, yo anpeche pwan lari a. Yo pa vle popilasyon a konnen, yo se yon bann Otorite ki pa pran reskonsabilite yo sou zafè prizon a. ak prizonye yo.

Kalite politik k ap fèt la, li pa pwoteje dwa prizonye yo. Ak nou pa bezwen panse l ap chanje ak dirijan reyaksonè, politisen tradisyonèl sa yo. Li klè pouvwa ekzekitif ak palman a, yo pa pwan okenn mezi seye pou amelyore kondisyon lavi ak trete prizonye yo kòm moun. Lè nou konsidere gouvènman yo pa mete nan bidjè nasyonal la mwayen ase, pou konstwi yon prizon modèn pou prizonye yo, pou alimante bidjè fonksyonman DAP yo ki pou pèmèt yo kouvri depans yo chak lane. Ak tou pou pèmèt prizon a genyen ase ekipman enpòtan pou li toujou fonksyone chak fwa okazyon a prezante.

Palmantè yo pa egzèse ase presyon sou gouvènman yo nan tèks delwa y ap vote, pwopoze osinon envitasyon y ap fè pouvwa egzekitif yo, pou ta fòse yo rezoud move kondisyon lavi prizonye yo ak prizon a.

Pou tout lane sa yo nou pa jwenn nan jeneral okenn dokiman ofisyèl seye dirijan yo déjà mete soupye pou transfòme move kondisyon prizon ak move lavi prizonye yo.

Ak nou pa wè angouman bò kote dirijan yo, pou mete nan aplikasyon lalwa, konstitisyon ayisyen 1987 la, plis akò, rezolisyón osinon konvansyon yo siyen pou pwoteje dwa prizonye yo.

Sitou, lè nou pwan ankont sa ansanm pak entènasyonl, rezolisyón, deklarasyon inivèsèl, ak konstitisyon 1987 la sou dwa moun di. Kote prizonye a dwe genyen yon rasyon alimantè chak jou pou nouri kò l. Li dwe jwenn sante nan bon kondisyon. Li dwe abite nan yon espas byen ayere. Li dwe viv nan yon chanm estanda ki pa genyen plis pase 5 moun. Li dwe viv nan yon anviwonman ki pwòp. Li dwe jwenn lwazi ki konfòm pou li distrè l. li dwe jwenn yon sant ki pou reyabilite l. Sa ta vle di pou li sòti ak yon metye. Li pa dwe sibi represyon, prejije, diskriminasyon pandan prizon a. Ak yo dwe kreye kondisyon nòmal pou dwa prizonye a pa vyole nan tout nivo pandan tout tan li gen pou l pase nan prizon a.

Answit, nan sa k ap fèt yo, sosyete civil la manke fè presyon ak rekòmandasyon bò kote dirijan yo. Yon fason jeneral li pa poze pwoblematik kalite prizon nou genyen nan depatman sid la, ak obligasyon dirijan yo genyen pou rezoud pwoblèm sa, pou yo respekte dwa prizonye yo. Nan sans sa Li pa ajite move kondisyon lavi prizonye yo. Li pa poze pwoblèm fonksyonman DAP, lapolis, tribinal yo k ap mal fèt. Li pa fè sansibilizasyon pèp la reyèlman sou respè dwa

prizonye yo. Li pa ensiste denonse koripsyon nan aparèy jistis la ak abi, enjistis reskonsab yo ap fè sou prizonye akize ak sa ki kondane.

### **D) KONSEKANS**

**PRIZONYE:** Genyen yon seri akize ki fè nenpòt 5, 8 tan nan prizon, pou yon pèn tribinal la vin pwononse aprè kantite tan yo deja fè, ki pi ba ke kantite tan pèn prizon a. Se paske li vin jije nan lè aprè tan nòmal la, ki se 4 mwa pou pi plis pou jij la enskri afè a, pou li ta fè pou l jije nan tribinal premye enstans. Genyen lòt, tribinal depè kondane pou dezak senp polis, dire pèn la ki ta kapab yon mwa pou pi piti, 6 mwa pou pi plis. Lantè nan jistis la fè yo gentan pase nenpòt 6, 7 tan akoz jijman ki vin fèt aprè delè nòmal la pou te jije yo a. Gen prizonye tou ki gen tan pase yon bann lane nan prizon a, nan lè yo vin jije yo a, se lè sa tribinal la deklare li te inosan. Se tout sa yo ki rann sitiyasyon a konplike.

Avèk tou, prizonye ki mouri pwatrinè, gen ki mouri byen jèn, ki soti nan prizon ak yon andikap tankou do bosí, gen ki vin avèg yon titan aprè li kite prizon a. Anpil nan prizonye yo tou vin fristre andan prizon a. Ak tou aprè prizon a genyen konn vin twomatize pou tout rès lavi yo.

**DAP, KOMISARYA:** Yo pa kapab bay prizonye tout sa yo bezwen ak bay yon sèvis kalite. Ak yo pa kapab ponptyèl nan lè travay osinon sèvis yo. Yo tout ansanm ekspoze pou kontamine ak maladi prizonye yo deja genyen. Anviwonman prizon malpwòp la pa mete yo nan yon anbyans travay. Avèk sa yo santi yo toumante nan fonksyon yo. Nan sans konplikasyon prizon a, sa pa pèmèt yo pwodwi menm pipiti travay la nan kantite sa yo ta genyen pou fè.

Polisye komisarya a, se prèske menm sitiyasyon DAP la yo viktim nan espas prizon a ou jwenn lokal komisarya.

**TRIBINAL:** Avoka, nenpòt 30% nan yo dekoraje, fristre pou tout jan otorite yo ap jere prizon a nan tout dimansyon l. Koripsyon jij, komisè, avoka ak jistisyab nan aparèy jistis la mete tout jiris onèt nan sitiyasyon difisil pou kontinye konstwi lavi yo. Yo menm pa anmezi pou yo fè lajan nan tout diyite, alèkile, si yo pa deside kowonp tèt yo.

Jodi a pa gen pledwari k ap fèt nan tribinal la, dosye pa yo, se anba redi pou konsène yo fè swivi yo. Se lè dosye tout lòt kowonpi fin pase ankachèt, se apre sa avèk tout imilyasyon jij la osinon komisè a kapab panse ak yo. Menm lè sa, sa pa asire jijman ap fèt jan sa ta sipoze ye. Genyen avoka ki deja sispann pèsonèl ak fèmen pòt kabinè yo. Genyen lòt nan sans nan ki pa ale nan tribinal ankò. Yo kòmanse panse fè lòt aktivite pou yo viv, nan kad solisyon y ap chache devan sitiyasyon sa.

**SIBTITI KOMISÈ GOUVÈNMAN, JIJ:** 40% pèsonèl aparèy jistis la anpil fwa abandone syèj yo. Ak tou genyen nan yo ki abandone tribinal la kèk fwa paske yo fristre pou jan koripsyon an pwan chenn nan trbinal yo.

**SOSYETE SIVIL:** Jounalis, Òganizasyon Dwa Moun limite nan travay ak yo pa nan mezi pou pwodwi avèk finès. Lè nou konnen responsab yo pa mete enfòmasyon yo disponib nan tout nivo. Ke li te nan pakè tribal sivil, kabinè enstriksyon, tribal depè, Sèvis Depatmantal Polis Jidisyè (SDPJ) ak Direksyon Administrasyon Penitansyè (DAP). Epi tou mank mwayen pou yo fonksyonne.

Rès popilasyon an pa rive genyen ase konesans sou dwa prizonye yo, wòl yon prizon, konnen responsabilite pa yo. Answit kijan yo kapab kolabore pou amelyore sitiyasyon an. Lòt koze toujou, popilasyon an pèdi respè pou dirijan ak konfyans pou lavi prizonye yo ak kalite prizon sa, pou li vin pi bon.

#### **E) REZILTA REYÈLMAN NEGATIF**

Prizon a pa rive transfòme prizonye, pou vin yon moun nouvo. Kote li kapab vin pwodiktif tout nan moman l ap reyentegre sosyete a. Ak aji osinon kontribiye nan tout inisyativ k ap pote sosyete a sou wout jistis sosyal, egalite, lapè, respè, enklizyon. Se yon rezulta negatif, nan mezi 99% prizonye ki soti nan prizon a vin pi vyolan, pi kriminèl. Sa ki vin fè anpil fwa yo retounen kòm prizonye pou zak malonèt yo kontinye fè. Anplis yo vin pi awogan, pi vilnerab. Kote, dirijan plis gwo zotobre repeche yo nan zafè krim pou destabilize peyi a, nan pwòp enterè yo.

Tout peyòd 10 lane sa, Otorite yo vyole dwa prizonye yo nan tout dimansyon l. okenn respè pou trete prizonye yo kòm moun. Dirijan yo meprize nan pi wo degré, tèks delwa yo ki pwoteje dwa prizonye yo ak fason yo dwe mennen prizon a.

#### **F) RANDMAN ZEWO**

Nan tout aspè analiz ki fèt sou sitiyasyon prizon a pa genyen anyen ki nan plas yo, alewè pou nou ta di tout bagay byen. Prizon a pa ka konble menm kantite pi piti bezwen prizonye yo. Ak li pa rive chanje mòd lavi prizonye yo. Sa ki eksplike prizon a pa rive fè plis sa li ta genyen pou li fè nan kad misyon li, pou n ta pale randman l. Se sou baz sa nou di prizon a pa bay okenn randman.

#### **G) ISTORISITE**

Move eta prizon Okay la, plis respè ki pa genyen pou dwa prizonye yo. Se yon pwoblèm ki la nan nesans sistèm penitansye sid la, depi anviwon 25 lane sa genyen a. Nou gen lontan depi pwoblèm nan ap poze. Nou pa wè genyen repons seye k ap bay, alewè pou nou ta atann ap genyen chanjman definitif. Dirijan leta yo, plis sosyete sivil la pi presizeman òganizasyon non gouvènmantal (ONG) montre echèk yo, paske rezulta sa yo nou anprezans kounye a pa chanje sitiyasyon a.

Malgre sa ap anpire chak jou pi plis, nou pa wè popilasyon a nan jeneral vin pi motive sou zafè sila. N ap mande sa k pase finalman avèk pèp Ayisyen a nan moman sa yo? Paske nou konnen Ayiti se youn nan peyi lemond te toujou konsidere kòm pyonye defansè ak ki valorize dwa moun nan tout aspè li, depi

nan soulèvman kont esklasvaj, rasis eksplwatasyon, dominasyon, depandans, represyon ak eksklizyon pou l reyalize lendependans 1804 nan lepri pou tabli jistis sosyal ak libète.

Konsa n ap kesyone toujou, kisa dirijan nou yo pè ki fè yo pa vle kontinye lit sa ankò, pou defann ak valorize dwa pèp Ayisyen a pi dirèk dwa prizonye yo? Ak pou kisa sosyete civil la yon lòt konsène, li pa pi dyanm nan pran plis inisyativ pou fè popilasyon an konnen enpòtans dwa moun nan kad yon leta demokratik ak bay dirijan leta plis presyon pou respè dwa tout moun nan jeneral.

### 3) KONKLIZYON

#### a) *Rekòmandasyon*

Pou dirijan leta ak sosyete civil: Obsèvatwa Pou Egalite (OPE) Egzije, dirijan yo kèlkelanswa dimansyon angajman yo ak leta Ayisyen. Pou yo respekte ak mete nan aplikasyon nimewo 44, 44-1 konstitisyon 1987 la, ki di prizonye k ap tann jijman, pa fèt pou ansanm ak prizonye yo deja kondane. Answit moun ki nan prizon fèt pou yo jwenn menm respè lalwa pou tout vivan, nan jan yo dwe sèvi avèk yo.

Yo genyen menm obligasyon sa tou, pou mete nan valè, prensip fondamantal ki taye sou jan prizonye yo dwe trete, dapwè sa Wo Komisarya Nasyon Zini (HCDH) adopte nan rezolisyón li, 45/111 nan dat 14 desanm 1990. Ak respè pou oyantasyon seksyèl yon endividé dwe jwenn selon, Deklarasyon inivèsèl dwa moun, nan atik 2 ak 7, epi pak entènasyonal sou dwa civil ak politik nan atik 2, 1) ak 26. Apati de sa, li enpòtan depi kounye a pou pouvwa egzekitif la konstwi nan Okay prizon ki nan estanda nòm entènasyonal yo. Pou mete sant reyabilitason andan prizan an. Bay Direksyon Administrasyon Penitansyè mwayen nesesè pou bon fonksyonman prizon an. Pou mete sant dakèy osinon sant reyensèsyon pou timoun yo.

Nan dimansyon sa, li ijan pou Konsèy Sipeyè Pouvwa Jidisyè (CSPJ kreye yon komisyón k ap genyen pou anekte sou anplè koripsyon ap pran nan aparèy jistis Okay la. Aprè ankèt, pou l pouswiv tout koupab yo jan lalwa mande sa. Ak facilite aparèy jistis sid nan tout mwayen enpòtan pou li byen fonksyonne nan faz demach pa l. Tout sa dwe fèt nan respè lalwa. Ak travay tou pou tabli konfyans popilasyon a nan aparèy jistis la.

Nou swete, pou òganizasyon nan sosyete civil la, nan kad pou pote batay sa piwo, pou jwe wòl pa yo. Sa ta vle pou yo kontribiye nan sansibilize popilasyon an sou pwoblematik dwa moun yo, pi presizeman dwa prizonye yo ak degradasyon prizon a. Ak tou fè presyon sou reskonsab yo pou yo fè sa yo dwe fè jan lalwa ak trete, rezolisyón entènasyonal la anvizaje sa.

Nan fas jeneral nou ankouraje leta Ayisyen genyen yon vizyon jeneral sou respè dwa tout moun nan peyi a. Kote li dwe konstwi sa nan travay pou tout moun gen aksè ak byennèt. Epi konbat li dwe konbat eksplwatasyon, inegalite, eksklizyon, dominasyon ak enjistis si reyèlman li vle rezoud pwoblèm prizon a ak lavi lanfè prizonye yo ladann nan.

**b) Angajman, Anje Ak Modèl Dirijan Swete**

Sa nou sèten, nan tout rekòmandasyon nou fè la, nan kad chanjman sitiyasyon a, genyen 0,99% chans pou sa reyalize ak kalite dirijan restavèk, machann peyi a sa yo k ap travay pou yon ti gwoup atoufè parèy yo a, ki toujou pase nan pouvwa a. Ak jan politik kontinye fèt la, woule m debò, san janm wè transfòmasyon sosyete a nan tout konpatiman l nan enterè tout moun. Anplis san dekonstonbre kalite leta ki konstwi ak fòs kote a.

Konsa, genyen posibilite menm a 50% chans pou sa fèt avèk resous moun ki nan peyi a ak nan deyò peyi a nan mezi kapasite ak grandè senserite ki chita sou yon baz ideyoloji byen taye sou libète ak byennèt moun, ak ki repoze nan demach konstriksyon yon sosyete jis osinon ekitab. Nan plas dirijan eksplwatè, reyaksyonè, kowonpi, kèlkelanswa grandè konesans yo k ap depafini ak peyi a pou gwosi richès pa yo nan dezavantaj pi fò moun.

**Jean Claudio Aristil**

Kwòdonatè OPE